



Pou Piblikasyon Imedya: 22/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE REKÒMANDASYON KOMISYON REYAMENAJMAN PRIZON AN

Rapò "Debloke Opòtinite" a rezime konklizyon Komisyon an, bay rekòmandasyon akoutèm ak alontèm pou mete baz pou reyamenajman reyisi prizon

Li rapò Komisyon an [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te pibliye jodi a rekòmandasyon Komisyon Reyamenajman Prizon New York la, yon komisyon 15 manm Gouvènè a te konvoke nan kòmansman ane sa a pou reyimajine prizon ki fèmen atravè Eta New York pou yon reyamenajman inovatè. Rekòmandasyon yo te devwale nan [Debloke Opòtinite: Rapò Komisyon Reyamenajman Prizon](#) an, yon rapò 140 paj ki gen ladan analiz detaye sou sit 12 prizon fèmen epi konsidere opòtinite reyamenajman yo pou chak sit pou ede yo pi byen sèvi bezwen ekonomik Eta a.

"Pandan n ap kontinye fè ekonomi New York la avanse, n ap investi nan kominote yo atravè eta a, ki gen ladan reyimajine pwopriyete prizon ki fèmen yo kòm sant opòtinite rejyonal yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Mwen kontan paske Komisyon an te fè dilijans li epi te fè rekòmandasyon sa yo ki baze sou opinyon kominote a pou kreye travay, ekonomize lajan kontribyab yo, epi pote nouvo lavi nan bilding sa yo kòm motè ekonomik."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Mwen fyè dèske m te ko-prezide Komisyon sa a ak pou travay ki te fèt pou konpile rapò konplè sa a sou devlopman alavni enstalasyon prizon nou yo ki pa itilize ak ki pa ase itilize yo. Travay Komisyon an, ki te sipòte pa gwo rechèch ak angajman pati ki konsène yo, te pwodwi rekòmandasyon ki posib ak reyalis ki pral ede fòme yon fèy de wout pou kominote ki afekte yo ka swiv byen alavni".

Ko-prezidan Komisyon Reyamenajman Prizon an, Darren Walker, te deklare, "Rapò sa a prezante yon plan pou repozisyon prizon Eta New York ki fèmen yo kòm yon sous vitalite ekonomik ak kiltirèl, pou asire kominote ki afekte yo gen zouti yo bezwen pou yo pwospere. Nou rekonesan pou rekòmandasyon Komisyon an epi nou espere wè plan reyamenajman sa yo pran fòm".

Anba direksyon Gouvènè a, Komisyon Reyamenajman Prizon an — ki gen ladan ekspè dirijan nan kominote a ak devlopman ekonomik, byen imobilye, refòm jistis kriminel, ak sektè gouvènman an — te rankontre plizyè fwa ak ajans eta yo, pati ki konsène yo nan kominote a, ak òganizasyon devlopman ekonomik yo nan sis mwa ki sot pase yo pou adrese enstalasyon prizon ki vid ak delabre yo epi devlope yon seri rekòmandasyon pou itilizasyon kreyatif. Anplis de sa, yon ekip Empire State Development te vizite chak prizon ki fèmen nan pòtfèy la epi li te rankontre avèk lidè lokal yo ak manm yo nan kominote a. Finalman, Komisyon an te elabore 13 rekòmandasyon pou fasilite reyamenajman prizon ki fèmen yo, tankou:

- Pwopriyete piblikasyon de Demann pou Pwopozisyon (Requests for Proposals, RFP) yo epi bay sipò pou ESD (Empire State Development) atravè pwosesis RFP a.
- Lanse yon Fon Reyamenajman Prizon, yon pwogram sibvansyon kapital ki t ap mete finansman disponib pou devlope ak/oswa lokalite yo ki akèri sit nan men Eta a.
- Kreye yon Fon Asistans Teknik Minisipal pou ede kominote ki gen prizon fèmen yo opere enstalasyon ki fèmen yo (egzanp akizisyon ak antretyen enfrastruktir).
- Etabli yon pwosesis angajman kominotè pou sipòte sansibilizasyon ak konsansis nan kominote ki afekte yo.
- Pwopriyete lojman nan pwochen RFP prizon yo oswa lòt efò reyamenajman prizon yo.
- Mennen ankèt sou opòtinite pou enèji renouvlab ak patenarya yo.

Tout seri rekòmandasyon yo, ansanm ak estati ak delè pou chak pwopozisyon, ajans ak patnè kle yo, ak direktiv pou aplikasyon yo, disponib nan rapò komisyon an.

Eta New York deja ap pouswiv yon kantite aksyon ki pral pi byen pozisyon sit yo pou itilize yo ankò, tankou:

- Retire babele sou sit Ogdensburg, Mt. McGregor ak Willard.
- Angaje pou kenbe sistèm yo ap fonksyone sou sit Willard, Moriah, ak Ogdensburg pou anpeche deteryorasyon rapid bilding yo.
- Pwopriyete piblikasyon RFP pou sit Watertown ak reyon sid Eta a an 2023.

Gouvènè Hochul te konvoke Komisyon Reyamenajman Prizon an nan mwa me 2022 apre fèmti plizyè prizon nan pati nò New York. An 2021, Eta a te anonse fèmti sis prizon ki pa gen ase kapasite akòz bès nan popilasyon ki nan prizon. An jeneral, plis pase 20 prizon te fèmen atravè eta a nan 15 ane ki sot pase yo.

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Lè sa gen pou wè ak pote nouvo lavi nan ansyen estrikti, pèsonn pa fè sa tankou Eta New York. Mwen remèsye Nouyòkè yo paske yo te pataje opinyon yo ki gen anpil valè pandan pwosesis enklizif sa a epi mwen kontan anpil pou m aplike solisyon ekonomik ki

pral pwodui rezilta tanjib pou kominote fèmte enstalasyon sa yo afekte. Mwen espere wè Nouyòkè yo ap pwofite nouvo opòtinite karyè ki pral kreye nan kominote sa yo".

Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York lan, Erik Kulleseid, te deklare, "Ekip nou an te travay avèk dilijans pou tandè pati lokal ki konsène yo pou bay pi bon solisyon pou kominote yo. Rekòmandasyon komisyon an pote lide pratik nan enstalasyon sa yo, sa ki mete yo nan pozisyon pou pi byen sèvi kominote nò eta yo pandan plizyè ane k ap vini yo".

Komisè pa Entèrim nan Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè Eta New York lan, Anthony Annucci, te deklare, "Depatman an konprann dirèkteman kijan reyamenajman pwopriyete sa yo pral gen anpil valè pou kominote yo ke fèmte prizon yo afekte. Rekòmandasyon Komisyon an ofri yon chemen solid pou reyimajine enstalasyon sa yo epi elaji opòtinite reyitilizasyon ki pral benefisye biznis yo ak rezidan yo nan kominote ki alantou yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè a pou kreyasyon Komisyon Reyamenajman Prizon an, Depatman an fyè pou l kontribye nan inisyativ sa a epi espere patenarya nou ap kontinye nan devlope pwopriyete sa yo".

Komisè Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la, Jeanette Moy, te deklare, "Aprè anpil deliberasyon, Komisyon Reyamenajman Prizon Gouvènè Hochul la te elabore plan pou rezoud yon pwoblèm ki te kreye defi pou eta a ak kominote lokal yo ke fèmte prizon yo afekte. Antanke manm Komisyon an, mwen pa ka tann pou m kontinye travay nou te kòmanse nan direksyon pou reyamenaje pwopriyete sa yo nan fason ki pral benefisye kominote sa yo epi ki pral ranfòse ekonomi eta a".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418